31. Karena menurut pemikiran saya, tersebarunya kaum pekerja dan kaum dagang itu tak seberapa banyak jumlahnya dibandingkan dengan kaum tani yang ada, yang umumnya kurang berpengetahuan.
32. Berbeda dengan para saudagar dan para pekerja, yang memiliki pengertian dan pengetahuan. Kalau ditilik, kepandaian mereka itu hanya karena pertama-tama rajin meniru, tanpa belajar dari mula. Meskipun demikian toh bisa dan mampu berbuat, bahkan ada juga yang sudah ahli.

33. Semua itu sebagai pertanda. Kalau memang budi dan pikirannya cemerlang, pantaslah untuk dibantu agar pekerjaan dan usahanya menjadi maju. Kalau dapat, ajaklah berunding dan bersepakat agar bersatu. Yang memikirkan semua persoalan, adalah semua warga yang pikirannya cemerlang dan pintar.
34. Dengan cara menyontoh peralatan kaum pekerja negeri asing. Kalau dirasa masih ada pengetahuan yang kurang dan perlu dimiliki, pilihlah orang yang berbakat, kemudian suruhlah ia berguru, mencari ilmu dari orang lain. Untuk ongkosnya bisa dibayar secara gotong-royong.
35. Kelak kalau ia sudah tamat, maka ilmunya segera harus disebarakan ke lain orang, agar semua menjadi maju. Jangan tanpa perkembangan apa-apa, yang itu-itu saja, kundi, udheg-udheg ataupun empluk semenjak dulu. Haruslah kita memiliki keinginan seperti lain bangsa, mempunyai peralatan dari tembikar dan kaca.
36. Barang pecah-belah atau tembikar yang dari tanah, apa kelainannya dan keistimewaan, sebab tanah terletak di mana-mana. Semua itu dapat terlaksana hanya dengan cara kita memiliki pengetahuan. Karena itu carilah ilmu dan pengetahuan ini. Kalau sudah menemukannya, tentu akan pada dibangga-banggakan dan diharapkan, kita sanjung sebagai anak yang penuh harapan serta hebat.
37. Semua itu tidak ada bedanya, hendaknya diusahakan agar kita mengalami kemajuan. Tidak bedanya yang tukang tenun, usahakanlah agar bisa menenun lawe yang nantinya akan menghasilkan kain putih bersih. Syukur kalau segera bisa menenun kain mori.
38. Meskipun belum berbagai macam, tapi dua jenis itu yang sangat saya inginkan. Sungguh merupakan seribu pertolongan untuk masyarakat Jawa. Kalau dihitung untungnya beribu-ribu. Sebab datangnya rejeki atau bahan makanan, sudah tak mengeluarkan ongkos untuk perjalanannya (pengangkutan di jalan).

39. Berdirinya atau prosesnya pekerjaan, digarap oleh warga sendiri. Mulai dari menanam benihnya sampai saat menjadi tenunan. Yang mengerjakan juga beribu orang. Dengan demikian, ini berarti pemerataan pekerjaan.
40. Akhirnya kata-kata saya, akan memberikan saran kepada yang bekerja sebagai kaum dagang, saudagar dan lain-lainnya, hendaklah memperkuat modal. Kepada para pekerja hendaknya selalu memberi bantuan dan perhatian, nasihat serta biaya, agar mereka dapat melaksanakan pekerjaannya dengan baik.
41. Seperti barang dan benda dari negeri asing, contoh dan tirulah jangan hanya sekedar kepingin. Kalau memang yakin dan bulat kemauan, kenapa tidak bisa ikut pula membuat barang seperti itu. Semua itu harus diperkokoh dengan watak tolong-menolong yang wajar, sepanjang tidak saling mempersulit satu sama lain.
42. Seumpama terlaksana, tentu modal yang kita keluarkan bersama itu akan segera kembali. Bahkan mendapat keuntungan berlipat-ganda. Artinya, kalau sudah bisa membuat barang sendiri tak perlu lagi membeli dari lain negeri. Kalau dihitungkan, sudah berapa ongkos yang bisa terkurangi, yang biasanya banyak hilang di jalan (untuk ongkos atau biaya pemasukan).
43. Sebelum terlaksana, usahakan agar rukun, kalau bisa membeli sendiri. Meskipun yang sudah berjalan banyak mendapatkan untung, tapi bisa disebut kurang luas atau kurang berkembang usahanya. Sebab itu jangan mudah puas hanya sampai di situ, mendapat untung di jalan.
44. Seumpama orang mengambil air di sumbernya, maka sampai di tempat masih dalam keadaan utuh, seimbang dengan kesulitan dan kesukarannya. Kalau puas hanya menerima tetesan di jalan, hilang percuma di selokan, hilang dihisap tanah yang kering.
45. Kalau toh masih untung, hanyalah sedikit dan itu sekedar

untuk diri sendiri saja. Kalau kita membeli di pusat atau pabriknya, ongkos akan berkurang. Kalau dijual akan bisa lebih murah, sehingga bermanfaat menolong berjuta orang.

46. Berhentilah uraian kalimat ini. Agar jelas saya ulangi. Yang pertama harus rukun dan adil. Berbuatlah jujur dalam mengupayakan kemajuan. Ujud dari yang kita tuju, ialah kemajuan dalam bergaul dengan orang lain (tamu).
47. Kedua, kemajuan para pekerja, ketiga majunya perdagangan yakni seperti yang disebut dalam kitab pedalangan. Keadaan negeri yang berwibawa, sejahtera, makmur dan tentram warganya.
48. Sebagai bingkainya untuk hidup rukun, akan lebih baik pula bila kita mengerti larangan-larangannya. Gusti Kanjeng Nabi sebagai utusan Allah atau Rasul Allah, di dunia, salallahu wangalaihi wassalam, itulah sebagai tali pengikatnya.
49. Yang sudah nampak gejolaknya di masyarakat ini, adalah sebagai tanda perkenan dari Yang Maha Kuasa, semoga semakin dekatlah apa yang kita cita-citakan, yang akan mampu sebagai sarana menjunjung bangsa, hanyalah mencari kejujuran dari semua yang ingin maju serta adanya nasihat sebagai petunjuk jalan. Karena itu haruslah selalu waspada.



Serat
Pepeling lan Pamrayoga

BUBUKA

SAKALANGKUNG andadosaken suka sukuring manah, anigali ebahipun bangsa kula Jawi ing wekdal punika anggenipun sampun sami katuwuhan wijining manah rukun sarta sami sumedya angangkah majeng. Ing pundi-pundi kathah ingkang sami ngedegaken pakempalan. Tujuning sedyanipun angangkah rukun sarta majeng ing panggesangan.

Nanging sadaya pakempalan wau dumuginipun sapunika kenginginipun wastani sami dereng saged kalampahan sedyanipun. Amargi tumindak ing para warganipun dereng saged sae kados suraosing pranatanipun.

mBokmanawi jalaran saking para warganipun wau kathah ingkang dereng sumerep dhateng jejering pikajenganipun angangkah majeng. Malah kathah ingkang kalintu serep, tindakipun namung nuwuhaken kaborosan, wasana sami katingal wewah rakaos panggesanganipun. Bilih leresipun sadaya wau kedah sami kaserep-serepaken saperlunipun dening para warga ingkang sampun sami kapih sarta dipun patah dados pangajeng.

Nanging saking kathaipun para warga, dados para pangajeng wau mboten saged kasahit pangerehipun, wekasan para warga wau kathah ingkang tindakipun anyimpang margi, mboten miturut pikajengipun pakempalan.

Awit saking punika parikedah ing manah kula damel serat waosan, minangka ular-ular dhateng titiyang alit ingkang taksih sanget kekiranganipun seserepan.

Isining serat punika mboten sapintena, amung luwung kangge panuntuning lampah sarta ancer-anceripun ingkang sinedyakaken. Sarehning limrahipun bangsa kula Jawi kathah ingkang karemaos serat mawi sekar, mila serat punika kula damel mawi sekar nanging tembungipun jaria kemawon sarta pangiketing sekaripun inggih amung uger jangkep. Wicalanipun sarta angsal guru lagu. Amargi kajawi saking kula pancen mboten mangretos tembung kawitwin mboten lebda dhateng wiletaning sekar, mawi gadhah

pangangkah-supados wijah, ingkang sami maos sageda mangretos suraosipun.

Makaten malih mawi kula selani ukara ingkang anggujengaken sawatawis miturut parik-parikanipun tiyang alit ing nagari Surakarta ingkang saweg limrah kangge ucap-ucapan ing wekdal punika.

Ing pangangkah inggih amung sageda nenarik karenanipun ingkang sami maos. Ing wasana kirang langkuning suraos sarta lepat saruning ukara amung mugi sami dipun apuntena.

Katandhan ingkang ngarang,

I. DHANDHANGGULA

1. Hebating tyas kongsi tanpa manis, kaprabawan obahing rat Jawa, wimbuh gumrah sabawane, manjing jro jaman maju, kang tinuju mung aja kongsi, rinengkuh den sawiyah, sejane anjunjung, ajining darajad Jawa, sayug hiyeg gumolong anunggal budi, baya karsaning Suksma.
2. Paring osik kang utama yekti, tumuwuh ing tembung: kama-juan, lumrah dadi kembang lambe, nyata sewu pitulung, lenging cipta kari mumuji, wijining kamajuan, bangkita tumu-ju, jumbuh lawaan Sang Winenang, sumawana kang samya pantes ngayomi, ayuning wiyah janma.
3. Tinuwuhna piwelasing galih, wit tan liyan jiwaning kawula, tilanen sih wilasane, dene kang sedya rukun, mung milih kang mitulungi, tuduh benering marga, aja slura-sluru, karana yen tak rineksa, nora wurung kadi sulung lebu geni, bareng tibeng sangsara.
4. Nora ngekul lekasing priyayi, nanging lamun wong cilik ba-laka, durung wruh kenthang kimpule, selak milu kasusus tan-pa naker kuwating dhiri, katut gubyuging kathah, nora wruh ing rembug, mung ngebyuk ubyung-ubyungan, agung alit mi-wah wong padesan sami, tumekeng narakarya.
5. Daya-daya denya mbuwang caping, salin topi kang cara nga-manca, ngewani klambi lurike, tinilar tan rinasuk, selak salin atela putih, gulon amba satebah, tur sinetik tuwuk, nyang-king gitik tetepakan, kang sineja mung jajan kang sarwa aji, neng meja pesta raja.
6. Ambaruwah semben ngombe brendhi, pangrasane iku kang ingaran, majuning panguripane, tan wruh kaliru surup, kang mangkono katemu mburi, nora susah ginulang, yen wus kuat tuku, pira anggene wong nyandhang, nora abot yen mung lurik

salin putih, iku dudu pikiran.

7. Saya gampang salining pambukti, nora angel mangan ong-klok kendhang, cinakot pira atose, nora susah rinembug, de kang kudu sami binudi, majuning pangupaya, kang supaya kurup, cukupe ginawe tadhah, anglakoni panguripan kang utami, pantese tiningalan.
8. Iku ingkang kudu den parsudi, bebasane: ywa kagedhen empyak, peyok yen kurang cagake, marma aja kalimput, kudu tartip denya miwiti, sinangkan pangupaya, den ayeg asayuk, sabiyantu lan pragarwa, lilimbangan met pikiran kang premati, tiniti patrap sira.
9. Yen wus golong gumelenging budi, aja tlompe bareng sami ngangkat, nora kena ting kalendhe, den mantep maring laku, aja dhemen anyimpang margi, lire kang bangsa kriya, den sregep ing kalbu, ambudi gaweyanira, marsudia mrih wuwuh enggale dadi, lawan beciking warna.
10. Apamaneh ingkang among tani, den amungkul pangolahing sawah, rineka amrih mayare, lan wuwuing pametu, tekan tegal kebone sami, miwah para nangkodha, den sami sumungku, ambudi amrih weruha, jalarane mrih enggal lakuning grami, babathene mundhaka.
11. Luwih angel kang mangkono yekti, nanging lamun pinikir ing kathah, pasthi yen ana kaceke, tinimbang nyimpang laku, adhakane kandheg tan dadi, upama pandhe desa, tukang kejen pacul, kepingin dadi kemas, tuwas sayah sangune entek neng margi, pinerdi durung bisa.
12. Yen tan mungkul upama wong tani, reka-reka ngrangkep tukang rangka, tiwas ting creweng pikire, rangkane nora payu, wit wus kalah kalawan mranggi, tur sawahe kapiran, nora kober matun, iku wataking slewengan, nora wurung suduk gunting tatu kalih, katunan mreng-mrana.
13. Pralambange lir carita nguni, ana janma wus satengah tuwa, rambute wus nyambel wijen, prandene ndadak wayuh, masih anom bojone keri, saben kang lanang nendra, uwane binu-

but, yen gilir mring bojo tuwa, saben turu rambut ireng den bubuti, temah gundhul malenthias.

14. Marma kudu ngong bolan-baleni, nora becik wong tanpa antepan, tiwas ngeceh-eceh gawe, slamet wong ati mungkul, nora mingkuh malah ngengkoki, lulusing panguripan, mung ngarah awuwuh, takeren kuwating awak, aja dhemen anjanhka kang luwih-luwih, yen cupet malah lara.
15. Kang wus katon obahe samangkin, sesemune kang sami jinangkah, kudu oleh sastra kabeh, iku panjangka luput, yen kabanjur angapirani, saking durung ginagas, dawaning panemu, paugeraning ngagesang, sandhang pangan wetune saking wong tani, ginarap para kriya.
16. Wusing methik lan ambabar sami, tinampanan mring para nangkoda, kang nyebar babajongane, iku caraning laku, kang wus dadi tataning bumi, nora kene kewala, kang mangkono iku, nadyan sagung manca praja, tanah sabrang atas angin bawah angin, tatane nora beda.
17. Nora nacad wong marsudi tulis, dhasar nyata yen bisa ambuka, lawanging piwulang kabeh, marma rungsid kalangkung, nora cethek lamun binudi, yen mung bisane maca, gampang nora ewuh, nanging jeroning surasa, nyamut-nyamut nora gampang den jajagi, kajaba pra pujangga.
18. Marma ana watese pribadi, yen tumrape kang ulah nagara, kudu ngugemi sastrane, dene kang bangsa bau, watesane weruh ing tulis, mung amrih rada padhang, wruh ing bener luput, supaya yen pinarentah, nuli nyandhang dhangane nglakoni wajib, nora selang surupan.
19. Nanging lamun kabeh oleh tulis, nora wurung sawahe kapiuran, saking ngendi pituwase, aja kaliru surup, angarani wong oleh tulis, luwih aji priyangga, kang mangkono luput, kabeh-kabeh nora beda, najan kriya nangkoda miwah wong tani, yen becik pinilala.
20. Apa lire kang ingaran becik, ati temen mungkul mring gaweyan, nyukupi marang wajibe, iku ugering laku, gugulangen lan

pamarsudi, lamun bisa mangkana, wus nyukupi butuh, kanggonsanguning ngagesang, rangkepane mung taberi la-
wan gemi, iku ngelmuning donya.

21. Lamun padha taberi ngupadi, anggemeni wetune pinetang, pasthi yen cukup uripe, iku ratuning laku, nora nana ingkang ngungkuli, nanging tan kena pisah, laku loro iku, nadyan ta-
beri ngupaya, yen tan gemi yektine nora nyukupi, kinarya ngumbar karsa.
22. Yen mung kaya ombyake samangkin, ingkang lumrah mung mungguh umpakan, kasusu katon bregase, durung wruh sang-
kanipun, kadhisikan selak mbuwangi, wirang yen kongsi kalah, nyandhang manganipun, mangka kalamun ginagas, urip bregas wragade nora sathithik, pinetung titikelan.
23. Sandhangane sarwa larang sami, angungkuli darbeke priyanga, tur nora awet anggone, mung katon putih menthur, sa-
ben dina kudu mragadi, nadhah opah putihan, yen regeda saru, nging yen kerep den setlika, nuli dhedhel domdomane modhal-madhil, sarune nora beda.
24. Kang pinangan larange kapati, raratengan kang cara ngaman-
ca, tur nora pira enake, regane tikel tekuk, yen ginagas datan pakardi, jer perlune wong mangan, mung supaya tuwuk, du-
du bangsaning pameran, rasa enak dawane amung sanyari, yeku pucuking ilat.
25. Aja nguja kamurkaning ati, nora wurung tumibeng sangsara, ginelar mangkene lire, upamane pinetung, cacawangan tadhah
sasasi, yen nuruti bregasan, wolung dina rampung, lah endi sambunging tadhah, apa baya narima mungnissil driji, nganti rolikur dina.
26. Dadi mundur tan maju lestari, babasane kadi obor blarak, mung sakbelan gumrubuge, mbaleret nuli lampus, kinempusa
tiwas ting krempis, kari bongkotan sada, mangsa ndadak murub, yeku lamun ninggal petang, wurung maju kapleset tibeng bilahi, sangsara pira-pira.

27. Ywa kasusu den sabar ing budi, yen wiweka tur nora rekasa, tekan kang kinarepake, aja kongsi kaduwung, nora nyatur kang sruwa-sruwi, lire kang sarwa bisa, iku seje rembug, nanging nadyan mangkonoa, yen kalenan ninggal petung tanpa dadi, kacorok karusakan.
28. Nora susah ginancara malih, lamun sami rinasa ing cipta, wus gamblang-gamblang jablase, mene mbaleni catur, kang tinutur wosing pambudi, dadining pakumpulan, nedya ngarah rukun, reksa-rumeksa mring bangsa, yen kalakon pan iku ratuning becik, rukun yekti santosa.
29. Upamane sapu den esuhi, kang sakolong gebenganing sada, pinutung tanggeh cokleke, iku wujuding rukun, karosane ngebat-ebati, nanging yen winudharan, sadane wus mawut, luwih gampang cinoklekan, kang mangkono wujud tan nunggal budi, ringkih tur tanpa daya.
30. Marma rukune wajib pinardi, binudiya mring sakehing warga, mrih sampurna pikirane, jer wataking panemu, kala-kala kalingan lali, tarkadhang tibeng salah, malah kosok wangsul, lir salining sandhang-pangan, sasat mapas marang bangsane pribadi, kapaten panggaota.
31. Upamane tukang nenun lurik, binantonan pikir lan pawitan, yekti yen pitulung gedhe, utamane kalamun, sinantosana engga bingkil, nadyan cilik-cilikan, pasthi bisa kurup, wragade saking royoman, pranatane pinikir kang sarwa tartip, tinata mring pra warga.
32. Pra nangkoda kang kudu ndombani, angepaki sakehing babaran, kang lawan pantes regane, amrih bisa lumintu, aja kandheg anyambutkardi, dadi ben nggo banggelan, nora kongsi bubruk, lamun wus kumpul kinulak, nuli ana kang pinataha amajibi, mikir sumebarira.
33. Sakeh warga sami den ajaki, padinane ing sabisa-bisa, anganggoa lurik kabeh, baya ta malah mungguh, tan kuciwa wong nyandhang lurik, dhasar weton Masaran, kang ginerus alus, gilape wus sasat kaca, luwih maneh tumrape para pawestri,

notog pantese nyata.

34. Piyarsakna ngong candrane mangkin, upamane lurahing Klampisan, lunga jagong lan bojone, kang lanang rada besus, iket modhang kemadha sungging, pacake cacatheman, carukane alus, bebed bathik kawung kemplang, sabuk lurik gerusan-pekek prekentin, timange ulan-ulan.
35. Klambi beskap lurik endhog mimi, benik gulon inten seling mirah, ngapit canthel tanpa klanthe, nyothe kerise mungguh, nyangking wiron tangane kering, dhasar brengose capang, meles den lus-elus, lah apa iku kuciwa, pangraseng sun dene wus pantes kepati, busanane wong Jawa.
36. mBokmas Lurah lumaku neng wuri, tapih lurik ijo tumenggungan, lurik abang kulambine, kekemben tuluh watu, slendhang bledhak tur latar putih, wadhuh katone jejak, sasat Sri tumurun, saben wong kapapag marga, kongsi mlengak saweneh ana ngrasani, iku panduganing wang.
37. Nalika den idhamken ing nguni, wohing anggur rujakane baya, ala nganggur sajakane, yen nyandhang sarwa patut, malah katon nyontok kapati, insun tan wareg nyawang, kudu ngulu idu, begjane kanca Klampisan, nora larang Mas Lurah nglimang sukoni, nanging cacade ana.
38. Dene nora wanuhneenun ngantih, wit pipikan saking jro nagara, mung sembagi kulinane, putih potongan Bandung, tapih lereng sabukan angkin, patut prigeling salah, srigag nora sigug, tekan swarane peng-pengan, yen angidung dudukwuluh den gitari, tibane kembang kacang.
39. Kudu nyebut yen sun raseng ngati, babag temen illaha ilolah, ketanggor padha canthase, mung yen sentor kalangkung, Ki Mas Lurah nora ngrujuki, sarwa lurik ya bregas, baya kalung usus, mulane kinon mangkana, yen anyandhang kang sarwa sembagi tipis, sadhela mowak-mowak.
40. Wong amanca denya nyandhang putih, lan sembagi kang tipis nganggrangan, jer iku darbeke dhewe, wus dadi wajibipun, duwek dhewek den anggo sami, marma aja kageyan, kudu melu-

melu, kang patut dadi penganan, mung pintere yen kena den irib-irib, iku luwih utama,

41. Aja ngira yen tan klambi putih, nora kena den anggo wawadhah, isi kapinteran akeh, mundhak agawe guyu, pinter mono neng jroning ati, budine kang tumandang, kudu bisa cukup, yen wus kacakep sanyata, nadyan silih binuntel neng lurik teki, mangsa ndadak mbrojola.
42. Ingsun seneng yen ana priyayi, agung alit yen nuju padinan, ngagem sarwa lurik wae, dene katone mungguh, ngirit ragad tur makolehi, lamun nuli kalumrah, kadi kang winuwus, kabeh antuk kamayaran, tan kabebet pituwase murakabi, mring bangsa kadang warga.
43. Nora beda pamikiring bukti, kurang apa pepaking ratengan, kang aran duweke dhewe, nadyan wowohanipun, apa kurang kang adi-adi, regane sarwa mayar, nora ngaluk-aluk, tur rujuk rasaning ilat, labet saking pancene wus den panceni, saking karsaning Suksma.
44. Lawan malih aja·salah tampi, sandhang pangan kang saking amanca, marmane linarangake, nora saking pinunjul, lan rasane tan ngliliwati, mung kalakone teka, akeh wragadipun, mring piranti miwah lampah, kabeh-kabeh pangetunge den tikeli, jinentolken mring sira.
45. Perlu apa mung dhemen mragadi, nora manjing enaking panganan, nadyan kang weton ing kene, yen ginawa mring purug, tikel tekuk regane nuli, parlune mung anguja, mring wong kang gumunggung, tur neh saben wus pinangan, mung sak lapan lamun ilat wus winalik, ilang labeting rasa.
46. Kang mangkono kudu den weruhi, aja lali mung melik sakala, elinga dina sesuke, yen lena nora wurung, sesuk abot ngungkuli wingi, jer mangan sak tungkulan, bayare kumrupyuk, padha lan tadhah rong dina, tinekadan parikane ompong ya wis, sasat nemah sangsara.
47. Mung gumunggung kendel mbuwang dhuwit, nora noli kang kari neng wisma, pating clenger panangise, nadyan kang sarwa

cukup, ala apa wong simpen dhuwit, begja yen bisa turah, ngarah atutulung, marang samaning tumitah, antuk labet kautaman lahir-batin, aneng donya akherat.

48. Lamun nyata rukun trusing ati, yekti nganti karasa ing cipta, suthik kaliwat enake, marga yen ngenak-enuk, sasat kolu nora melasi, mring sanak kang kasrakat, nyengka ngarah balur, apamaneh jeneng iwak, adhakane mung sambel lan tempe bungkil, ginanyang mementahan.
49. Iku kabeh jatining pambudi, nora susah klayu kakayalan, kudu salin barang-bereng, karana kang kalaku, neng sajrone jaman saiki, pangrasa wus cukupan, nora aran saru, candrane Lurah Klampisan, pan wus bregas nanging nora ngluluwihi, pantes tiba mejana.
50. Den ararah pangarahing ati, pira-pira wus tekan mejana, glyak-gliyak yen ing tembe, bisa lestari maju, marma kudu den kawekani, golek dalan kang padhang, aja grusa-grusu, elinga basane ana, alon-alon yen kalakon kang kinapti, yekti sewu nugraha.
51. Nanging aja sungkanan marsudi, den aminter netepi babasan, uler kambang sak titahe, yen mogok meguk-meguk, bali kesed arane sami, aja meleng lumuhan, samubarang lumuh, den awas mring wawatesan, sakeh laku ana kena den lumuhi, ana kudu den angkat.
52. Ingkang wajib padha den elingi, nglungguhana rasaning manungsa, aja gelem den sasaeng, tinuntun kang tan urus, kaya kebo wus den keluhi, yen padha cipta arja, lan tan duwe luput, ngidaki benering lampah, nadyan mungsuh setan belang aja wedi, den mantheng panthelengan.
53. Kongsu nggalur nembang gula milir, kang den ulur nalisiring nalar, ginelar jinelirake, rekane kaya weruh, wewerite laku utami, temene boya ninga, nanging babo lowung, wulange waleh walaka, lulukike dumunung neng kang nglakoni, kono padha rinasa.
54. Jer tan kurang kang wajib mengkonu, kene mono nora melu

wenang, nanging kudu cawe-cawe, weh pituduhing rukun, re-
ka-reka ngurun-uruni, begiane yen katampan, nora tiwas
muwus, wosing seja mung anjaga, aja kongsi kalimput pijer.
nuruti, berage wong nonoman.

II. SINOM

1. Marmane aja pepeka, pekaken hawaning budi, dadining sakeh sangsara, karana kalingan lali, lumuh sami ngelingi, taberi gemining laku, lekas arsa jumangkah, angangkah tindak utami, temah papa saking luput marganira.
2. Upamane kang sumedya, marani pucaking hardi, kudu wruh benering marga, sangsarane den wekani, lamun nora patitis, nadyan wruh tujuning purug, baya ngengkol kaliwat, yen selak theyol neng margi, luput-luput kepleset tibeng jujurang.
3. Aja limut mring babasan, si getun tekane keru, lire yen sami kalenan, ngenak-enak saben ari, nora lawas sayekti, atine kalebon getun, nanging puluh getuna, wus adoh kang den getuni, binurua playune wimbuh rekasa.
4. Marma ngong bebel wewarah, milih kang mitulungi, nadyan wong liyan balaka, kang saguh tuduh ing margi, lamun wus den titeni, katon katatalanipun, sedya rumekseng sira, becik pituruta sami, wus jamake tinulungan mring sasama.
5. Watake wong pagunungan, yen ana janma kang prapti, katon bingung tan wruh prenah, nuli enggal den tampani, wineruhken margi, pituduhe kothang-kathung, layak rada rineka, den engkol-engkol sathithik, mrih aweta melu mangan sangunira.
6. Duk ingsun nguni lalampah, munggah mring pucak Merapi, mangkono nora prabeda, tinampan wong kaki-kaki, kojahe warni-warni, dhasar pinter anggalembuk, nggaremeng turut marga, tan pegat ngiming-imingi, saanane wijiling jurang myang arga.
7. Cucuwilan walirang bang, woh polong lan rasuk angin, jare sawabe prayoga, mung saking den athik-athik, nanging mungguhing mami, tan ana pigunanipun, mung kelut piniluta, sun tuku lan mituwasi, kongsi suwe lagi tekang Selakapa.

8. Neng kono tyasingsun ngrasa, lamun rada den akali, kyaine nora prasaja, panuntune kanthi pamrih, katujune inguni, rada kandel sanguningsun, sun oso sawatara, kyaine karaseng ati, nora suwe wus ngancik pucaking arga.
9. Enggar karenan tyasingwang, mulat lalanging ardi, nedya rerem sawatara, ing batin ngiras nenepi, kyaine duk udani, lamun wus krasa tyasingsun, miwah wus wruh ing marga, samana tininggal mulih, mung sinungan pamuji arjaning sedya.
10. Iku watake wong liyan, nadyan arsa mitulungi, pamrihe dinokok ngarsa, nisil sangu urut margi, marmane aywa lali, sajrone samya lalaku, ing batin den wiweka, aja keh kang den pengini, yen kalenan ludhis sinisil kewala.
11. Ngendi kang arsa sinedya, wawasen parnahireki, yen tinuntun kudu minta, margane mrih enggal prapti, lir lakuningsun nguni, dupi wis darbe panjaluk, nuli tumekeng paran, tur tuwuh wiweka manis, tan penganan marmane tininggal nulya.
12. Pedah apa tinunggonan, den pepengin nora keni, iku pralambanging lampah, ngong gelar minangka tamsil, mung kadohan sathithik, pathine lamun ginilut, lete yekti karasa, paran kakarepan mami, pamedhare badhenen mangsa bodhoa.
13. mBaleni tembung balaka, kadi wuwus ingong ngarsi, aja kakehan cangkriman, ambibingung mring rarywa lit, mangkyasingsun miwiti, sakadare anuntun, nenetah ing satitah, bretehe mangkene iki, karep rukun iku pangareping sedya.
14. Nanging aja kaya bocah, mung incone den rukuni, kang ora incon jinotak, iku ngong ora ngrujuki, lire kang wus kaeksi, yen ana kang durung mlebu, gegebenganing warga, teka padha den panasi, tarkadhangen yen kacenthok pinilara.
15. Iku kang luput kaliwat, mung saking durung pinikir, yen ginagas ngendi ana, wong nora kepingin becik, lan nora dhemmen luwih, tekan utamaning laku, nggone durung kalakyan, saking kapesaning dhiru, nanging mokal yen milih kang sarwa ala.

16. Nadyan kang laku durjana, pasthi wis weruh pribadi, selehe salahing solah, mulane nuli andhelik, dene denya nglakoni. mung kudu nambeli butuh, destun tetep ingaran, apese kaworan lali, yen elinga mboya milalu palastra.
17. Lire eling pan mangkana, weruh parluning ngaurip, mung becik kang den upaya, karana tan wurung mati, pa gene laku maling, mitenah sameng tumuwuh, dosane tri prakara, dhi-ngin alane pribadi, kapindhone maweh susahing sasama.
18. Ping telu nora rumeksa, marang gadhuhaning Widhi, den ajak laku durjana, garumutan saben ratri, iku luput kapati, ngasor-ken titipanipun, sawiyah siya-siya, ing benjang tekaning jan-ji, nora wurung dadi intiping naraka.
19. Panggelaringsun mangkana, mung kinarya tandha saksi, yen yektine nora ana, wong tan kepingin utami, nggone durung umanjing, mring warga kang mrih rahayu, mung lali lan kape-san, marma aja den cecengil, mung elingna ajaken ngangkah utama.
20. Wusing dadi rurukunan, gumolong anunggal budi, iku deging kasantosan, karosane nggegirisi, apa kang den karepi, kala-kone sasat tamtu, mulane kudu mulat, elinga wus nunggal budi, rusak siji rusak bareng sanalika.
21. Iku kang tansah ngong rasa, dadi sumelanging ati, begja yen tumekeng enak, yaiku kang sun pupuji, kepingin melu muk-ti, mung kari kendhangan dhengkul, dhuh Hyang Maha-kawasa, kang sipat murah lan asih, angarsakna titahe tibeng raharja.
22. Kabacut lacuting ucap, pancene wus ciriwanci, lir menco ngoceh micara, clewa-clewo kapiyarsi, yen karengeng rary-wa lit, baya ta den ewul-ewul, lir tikus mungga pagu, iku pa-rikane sami, ra rumangsa nora pecus kok micara.
23. Nanging ta tyasingsun meksa, saking kudu ngunguruni, ka-rana yen nora awas, tiwas ala nora olih, lir wong memet neng kali, aja butheg toyanipun, mung minane den kena, mengko-

no kang ngong pengini, nora gupak nanging antuk ngepes iwak.

24. Iku kang kudu rinasa, binudi ing rina wengi, kapriye pra-yoganira, supaya tekan tumuli, nanging mungguh ing mami, bodhon-bodhon tambel butuh, yen tumrapping akathah, aja kadohan pambudi, munungkula taberi anambut karya.
25. Jer sakehing pangawikan, ana tumrape pribadi, upamane pra sarjana, kang putus marang sastra di, lan siswa kang wus mijil, saking pamulangan luhur, lah coba takonana, apa ndadak bisa ngarit, dinadara drijine buntung sakala.
26. Marma aja kliru tampa, kasusu ngaran-arani, sawijining kapinteran, kinira parlu ngluwihi, iku pan durung pasthi, aja mlepes amelupuh, kabeh kanggo ing karya, lamun wong ngingu turangi, pasthi sira wong ngarit kang pinilala.
27. Beda lawan pra sujana, kang kudu anjara langit, lan mabur ngideri jagad, iku pancen wus pinasthi, saking karsaning Widi, dadi las-lasing tumuwuh, nanging ta nora susah, kabeh-kabeh anglakoni, ngong narima ngrungu lan nyawang kewala.
28. Destun meling mring kang bisa, basane wong ngatas angin, poma aja kongsi tinggal, marang basamu pribadi, upama mburu sili, aja nguculake kutuk, yen sira nora wikan, surasaning basa Jawi, lamun arsa nununtun mangsa bisaa.
29. Dadi kapinteranira, mung sira anggo pribadi, nora asung tempilan, marang bangsanira sami, nrima enak ndheweki, yen mangkono kurang parlu, tan mikir mring ngakathah, gampang wong urip pribadi, nora susah rinembug sakehing janma.
30. Lire sira sumurupa, mulane sira pinurih, anggayuh mring kapinteran, manawa ing tembe dadi, bisa ngemong ngayomi, mring sagung kang sira wengku, ngegungna tepa-tepa, tuntunen tuwuhing ati, mrih tumrontong rada padhang sawatara.
31. Lan aja pisan mentala, meres kringete wong cilik, prentahen kang duga-duga, kuwate padha nglakoni, miwah bisaa tampi,

pituwas kang rada kurup, kena ginawe tadhah, nguripi mring anak rabi, aja sira mung mikir kanthong priyangga.

32. Nadyan wong cilik balaka, aja sira ceri-ceri, sapantese ajenana, jer aran padhaning janmi, yen sira bakal lali, mung eling marang awakmu, dadine nora beda, biyen tangga kang ngguntingi, ing samengko cinukur kanca priyangga.
33. Iku ucaping ngakathah, sung penget mring pra winasis, yen kongsi limut ing cipta, pasthi padha den suraki, dene kang wus linuwih, mring wong cilik mung mumuruk, aja kakehan polah, kapengin kang luwih-luwih, angger bisa urip tentrem wus prayoga.
34. Luwih maneh wong padesan, tan susah anjaring angin, mung ngaraha rada mayar, pikulane saben ari, bisa ngaso sathithik, lan suda kapaling punuk, miwah antuk pituwas, kang kurup sayahing dhiri, dimen bisa mangan kang rada mirasa.
35. Miwah duwea simpenan, panganggo kang rada resik, saben selaning gaweyan, garu maluku lan dhangir, ulihe aja kongsi, lastari galuprut endhut, sawusing awak-awak, salina macak sathithik, bisa sanja golek seneng sawatara.
36. Dene kang mangka sarana, tan liyan saking taberi, ngolah tegalirawahira, lawan patrap kang patitis, ingkun ngancer-anceri, mung amek kang aran baku, lire mung arsa medhar, patrap pananduring pari, jer punika kang dadi bakuning boga.
37. Yeku panggaraping sawah, kudu den rampungken dhingin, dimen rerem sawatara, nora selak den tanduri, mrih rurung-kuding siti, kang mentas keneng waluku, wus luluh wor ing lemah, muwuhi rabuk lan lemi, yen kasusu sawabe nora prayoga.
38. Wit rusaking rurungkudan, lagi wiwit ambosoki, ngemu panas mawa ama, yen kasusu den tanduri, tandure yekti gering, sundepen godhonge alum, lan abang pucuk sulang, yen ilang segering wiji, menthek suka tekane nusul kewala.
39. Liyan pangolahing lemah, parlu yen mikira wiji, olehe kang

seger waras, iku kang prelu ngluwihi, yen wijine tan becik, saking endi denya ngukup, wetuning wuwulenan, nora liyan saking wiji, parlokena aja ngira ngarah apa.

40. Kedhokaning pawinihan, yen wus ginarap kang becik, lan tilasing rurungkudan, wus dadi lemah lan lemi, ginula-gula nuli, kang sadhepa ambanipun, dawane telung dhepa, mrih gampang yen den sebari, wus mangkana nuli leren kang warata.
41. Pirantine kang prayoga, gadebog lan pring kang gilig, pamrihe papan warata, den eleb kacakan sami, yen arep den sebari, kang sedhengan telesipun, mrih gabahe kreketa, aja ambles maring siti, duga-duga aneng blabage priyangga.
42. Dene panggaraping gabah, kang arsa den anggo wiji, aneng tampah tinapenan, ingkang gabug den ilangi, tumuli den inter, kang entheng amrih ngalumpuk, jupuken dhewekena, pinangan wae prayogi, yen sinebar kurang seger tuwuhira.
43. Gabah kang wis pipilihan, mentes anteb den wadhahi, neng tenggok nuli parnahna, kang kekum ing banyu mili, yen ora ana kali, mung banyu seger wus cukup, lawase winatara, telung dina telung bengi, yen sinebar meh malethek thukulira.
44. Nanging yen wus telung dina, tenggoke den etus dhingin, panyebare kang warata, aja kongsi tumpang-tindhih, rada arang sathithik, luwih becik tuwuhipun, takere yen sagulan, gabahe setengah kati, lamun turah kang karangen wuwuhana.
45. Nanging poma elingana, aja kekerepen kongsi, yen kakehan gabahira, nora turung tumpang-tindhih, tembe tuwuhing wiji, kang becik mung dalemok cung, sabanjure mangkana, tumeka tuwaning pari, nora bareng salong kasep panenira.
46. Sawusing wiji sinebar, wuwurana awu nuli, wratakna aneng gadhangan, keh thithike kang nyukupi, tinimbang kehing wiji, watara tikel sapuluh, nuli leben ing toya, mrih umes telesing siti, yen wijine wis mlethek nuli den satna.
47. Suwene kinira-kira, aja baceg aja garing, sabanjure gigiliran,

mrih ajeg umes lastari, nurut wataking siti, mawa-mawa nora tamtu, kongsi tumekeng mangsa, bakal pandadaring wiji, iku uga tangguhen aja sembrana.

48. Watarane pirang ndina, sedhenge umuring wiji, kang rujuk jodhoning lemah, kudu nyoba den titeni, lamun wus ndungkap wanci, mangsane arsa dhinaut, eleben kang prayoga, mrih empuk rabuking siti, yen dhinaut ora tugel oyodira.
49. Yen amrih resiking lemah, aja sinabetken sikil, urutan wirih kewala, nuli cinelup neng warih, miwah denya nalen, aja pati seru-seru, reksanen aja rusak, kehe takeraning wiji, yen sabau sakati gabah watara.
50. Yen tandur kang rada arang, let sakilan wus nyukupi, uger wijine prayoga, lan aja dhoyong kapati, yen kekerepen wiji, nora akeh anakipun, wulene malah suda, lah apa pedahe dadi, babasane wuwuh badha suda rega.
51. Lawan yen dhoyong kaliwat, wulene pancer katindhah, kalah lan wulen soglangan, iku luwih mitunani, lamun padha nastiti, temen miturut pitutur, abat kang kalampahan, tilmune makolehi, insya Allah kameton kalis ing ama.
52. Iku pangrekaning sawah, kang lumrah kena pinikir, aja mung ngugemi kojah, kang durung den sumurupi, nadyan ta ana yekti, lalakon kang luwih lembut, yen durung kanyataan, aja banget den wedeni, gugon tuhon sathithik rada ungkurna.

III. PANGKUR

1. Kajaba kang wus kawedhar, gugon tuhon akeh kang mitunani, anut kaul ela-ela, slametan saben dina, yen kakehan yektine nora pakantuk, tiwas ngeceh-eceh tadhah, bandha bau saben ari.
2. Ujube kurang tumanja, nora kaya ulah slameting ati, iku kang luwih pakantuk, nadyan ora kondangan, lamun padha salamet atine mulus, wus antuk berkahing Suksma, pasthi padha den ayomi.
3. Nadyan silih sidhekaha, lamun ora lawan eklasing ati, arane mung isin mundur, kuduwweweh-wewehan, weh rekasa kang kapeksa melu-melu, kelu ombyake kang bisa, kang compleng ambrebes mili.
4. Malah kebalik balaka, kang sinedya kudu amrih utami, nanging nora kuwatipun,*apese mung duwea, arit bendho kang landhep lan linggis pacul, yen becik gagamanira, nununtun karep taberi.
5. Lamun ngingu rajakaya, den abecik nggone padha ngopeni, saben amek gawenipun, nganggoa tepa-tepa, rajakaya iya titah lir sireku, lamun sira tanpa tepa, milara kurang ngopeni.
6. Kewane anggresah uga, weh wewelak wilalat mring sireki, lawan yen kongsi kapasuk, korut saking rekasa, temah lara saben ari saya kuru, sapa kang keneng pituna, liyane sira pribadi.
7. Sakeh kang darbe sasanggan, nora kena sinramakaken sami, luwih maneh adol lempung, lan pari durung mangsa, nadyan adol adegan nora pakantuk, kalebu wong nggege mangsa, maweh rekasa ing wuri.
8. Nadyan adol gegedhengan, lan bandhulan kabeh kurang prayogi, becike padha tinutu, dolen wus dadi beras, pakolehe

antuk ninggal dhedhak katul, ngayemi aneng padesan, dadi gajuling rijeki.

9. Tinimbang buruh mring liyan, anggarapa darbekira pribadi, neng omah denira nutu, iya antuk pituwas, menir agal lini-wet dhewe pakantuk, kecere nora jinarag, mring pitik iwen nglemoni.
10. Mulane samektanana, angingua bebek ayam kinardi, nadhahi gogroganipun, yen kurang kang pinangan, nora sambat mung sasaba luru-luru, den eling padha parlokna, ingon-ingon aja sepi.
11. Muwuhi regenging desa, yen mangsane wus ngendhog saben ari, sapa kang sinungan lawuh, tarkadhang salong kena, sira cangkling neng pasar kinarya buwuh, sasat batih uga-uga, angrewangi nambut kardi.
12. Ana maneh buwuh tadhah, yen jro desa katrajang kalen mili, gawe suwakan pakantuk, saben pasar wus kena, sinambatkan ing bocah pasthi gumrudug, melik mulih oleh iwak, tur antuk sukaning ati.
13. Yen ginawe pangangguran, nyuwekana suwakan cilik-cilik, yen surup den ipuk-ipuk, dhingin pyurana dhedhak, sawata-ra yen ana iwak malebu, adhangana senik arang, ginobyag iwake keni.
14. Lawan gawea wiyasa, kang prayoga pinasang wayah bengi, tetelik kalaning welut, cangklingan maring sawah, sinambia sembari ngingirih banyu, dimen kopen tan kapiran, tur ngiras nganglang ing wengi.
15. Rewele nora sapira, pira bara narik renaning ati, pakolehe loro telu, tur menek kabeneran, nuju oleh ulihe wus nyangking lawuh, upama sun neng padesan, iku rada ngong meliki.
16. Reksanen sakeh wowohan, den talaten ngenteni tekeng wanci, yen gedhang kang nganti suluh, krambil kang kongsi kocak, aja pisan dhemen ngundhuh deganipun, ing mburi krambile rusak, mateni awak pribadi.

17. Ngungundhuh kang durung mangsa, yen rinasa padha katun-an sami, tunane kasusu ngundhuh, saking sudane rega, tinimbang pitunane wong kang tuku, yen pinangan ora enak, tar-kadhang malah nglarani.
18. Nadyan enak rujak degan, mung dolanan dudu bakuning bukti, mulane aja kasusu, kanggone yen wus tuwa, nora nyatur yen nuju ginawe jamu, iku aran mangsa kala, nora dadi ngapa yekti.
19. Yen adol lotis lan rujak, maweh lara ngiras ngamani kitri, rinontok kakehan tlutuh, ing mburi nuli rusak, tan kalalen ingsun nglilali bojomu, yen ngidham-idham kaworan, nglo-tisa dhewe sapiring.
20. Nadyan si rong piring pisan, mangsa ndadak entek pelem sau-wit, mung nuruti wong kemayu, rusake nora pira, ingsun rek-sa alise ywa kongsi putung, upama sun larangana, nora wu-rung den seriki.
21. mBok nganten katone lantap, nora kena pinambeng malero-ki, sathithik edhang ya mByakyu, ingsun ngreksa padesan, nadyan epring aja kongsi den barubuh, antinen lamun wus pendhak, kajaba yen kanggo tali.
22. Sakeh wayanganing desa, kang tetela nora bisa nipkahi, prayoga tegoren gupuh, salinana kang nipkah, ing papager ulurana klentheng randhu, urut watesing pomahan, kanggo uger-uger benjing.
23. Kapuke kalap kaliwat, luwih saking dhadhap jarak lan me-tir, rangkepana tela gantung, nadyan nganti atusan, abot apa yen nglepeh isi tinandur, ngulure nora rekasa, yen awoh sasat mamanggih.
24. Ganeping prabot padesan, amiliha kang dadi dhukun bayi, patulunge luwih parlu, yen ana wong carandha, kang wus tu-wa lan kang akeh anakipun, nadyan sabusuka neya, kulina ngopeni bayi.
25. Tunggale kang parlu uga, kudu duwe kaum kang rada becik,


pira bara aran cukup, bisa nyambi mumulang, pakolehe luwung-luwung anununtun, panyegah laku maksiat, adhakan nentremken ati.

26. Amrih asrining padesan, papagere kudu dipun parsudi, galengan kang jejer lurung, becik kang rada amba, pira mbara yen jembar sadhepa kacung, wong mikul bisa pethukan, kapenak lakune sami.
27. Wekasan mbaleni ujar, gedhe cilik kudu rukun lan adil, tegese kang tiba ndhuwur, ngemonga kalerehan, yen marentah aja ladak grusa-grusu, wong cilik budine cekak, yen kliru surup ndrawasi.
28. Kosok baline mangkana, ingkang ngisor kudu miturut sami, yen wus bener prentahipun, tumuli lakonana, nanging lamun ora adil denya mengku, becik lapurna kewala, pasthi nuli den adili.
29. Sigen nggoningsun micara, anununtun kanca padesan sami, samono iku yen mathuk, tan ewuh linakonana, yen orane jupuken jejering parlu, rukune ingkang den arah, mrih slamet cukup lan becik.
30. Samengko salin babagan, mrih majuning kriya lan laku grammi, nanging pamedharing wuwus, nora susah ginancar, kang amoncer ricikane kongsi nggalur, kadi nggoningsun micara, carane wong ulah tani.
31. Karana pamikiringwang, sumebaring kriya lan para grammi, tan patya keh ananipun, yen tinimbang kalawan, gumelaring kang ulah tani sadarum, tur ananing wong padesan, akeh kang katunian budi.
32. Beda lawan pra nangkoda, miwah kriya samya darbe pangarti, yen mirid kang wus kadulu, kabeh kang dadi kriya, mung sarana nunulad nora sinau, prandene katon tumindak, tarkadhang wus rada wegig.
33. Iku minangka pratandha, lamun padha mempan budine mintir, marmane pantes binantu, mrih majuning pakaryan, la-

mun kena rembugana dimen kumpul, kang mikir sakehing reka, pra warga kang ahli budi.

34. Sarana mirid nunulad, pirantining kriya ngamanca nagri, lamun maksih kurang kawruh, becik nuli milih, ingkang limpad patahen dimen ngguguru, ngupaya kawruhing liyan, waragade den uruni.
35. Ing benjang yen wus sampurna, pangawruhe pinenearaken nuli, mrih lulus bisane maju, aja mung tanpa mundhak, sakeh kundhi udhag-udheg tekan empluk, kapingina liyan bangsa, kang bisa ambakar beling.
36. Tan liya bakale lemah, nora kurang ing jagad kebak siti, dadine mung saking kawruh, iku udinen samya, yen wus bisa iba-iba bungahingsun, baya sami ngong kukudang, anak anung ngluluwihi.
37. Kabeh-kabeh nora beda, marsudia kaundhakane sami, upama kang tukang nenun, iku kudu ngaraha, ngantih lawe kang putihe kongsi mencur, pira bara nuli bisa, niniru anenun mori.
38. Nadyan durung warna-warna, loro iku kang banget ngong pengini, baya wus sewu pitulung, kanggo neng jagad Jawa, yen pinetang bathine maewu-ewu, karana tekaning tadhah, wus tanpa wragad neng margi.
39. Lawan adeging pakaryan, mung ginarap kadang warga pribadi, wiwit nandur wijinipun, tekan dadi tenunan, kang anggarap uga wong maewu-ewu, kabeh bakal kawatatan, antuk pagaweyan sami.
40. Wekasane wuwus ingwang, asung rembug kang padha laku gremi, sudagar lan liyanipun, wajib nyantosanana, mring pra kriya rewangana urun-urun, pamrayoga lan waragad, mrih mragang bisa ngadani.
41. Lir barange wong ngamanca, tinuladha aja mandheg kepingin, yen padha kenceng ing gayuh, pa gene nora bisa, santosakna kalawan tulung-tinulung, sakadare kira-kira, ingkang nora ngrekasani.

42. Upamane kalampahan, nora lawas urune pasthi pulih, malah mulih tikel gulung, lire lamun wus bisa, nora susah kukulak mring liyanipun, lah pira sudaning wragad, kang adat ilang neng margi.
43. Sadurunge kalampahan, mung ngaraha rukun kulak pribadi, sanajan ingkang kalaku, wus akeh bathinira, nanging aran kurang jembar jangkahipun, pa gene teka narima, binathe- nan turut margi.
44. Upama wong ngambil toya, yen cinidhuk maring sumber pri- badi, tekaning don maksih wutuh, kurup kangelanira, yen narima mung nadhahi uruh-uruh, ilang nelesi kalenan, sine- sep telaning siti.
45. Sanajan maksih bathia, amung mikir cukupira pribadi, yen kulak mring pokokipun, suda wragading sinjang, sira edol rada mayar reganipun, iku gedhening mupangat, kang mayar wong pirang kethi.
46. Sigeg panggeling kata, mrih tetela talese sun baleni, ing- kang dhingin kudu rukun, lawan adil sarasa, denaajujur mring wajib anjanga maju, wujud ingkang jinangkah, ma- june wong among tamu.
47. Kapindho majuning kriya, ping telune majuning laku grami, yeku kadi kang kasebut, jro pakem padhalangan, lalakone nagara kang panjang punjung, tata tentrem karta arja, gemah- ripah loh jinawi.
48. Wewengkuning karukunan, mrih rahayu yogyaneden tumpa- ngi, ngawruhana sarakipun, Gusti nJeng Nabi duta, kang ri- nasul ing bawana salallahu, wang allaihi wasalam, iku mi- nangka tatali.
49. Kang wus katon mobahingrat, yeku tandha dadi parenging Widhi, baya parek kang kinayun, kawasa njunjung bangsa, mung marsudi jujure kang sedya maju, tanapi pratuduh mar- ga, poma aja tinggal eling.





PN BALAI PUSTAKA — JAKARTA

Perpustakaan
Jenderal

89